

# Fason pou Telechaje Verifikasyon sou DTA Connect

**Slide 1:** Nan video sa a, nou pral montre fason pou telechaje verifikasyon sou DTA Connect.

**Slide 2:** Telechaje verifikasyon nan itilize DTA Connect kapab ede w:

- Enfòme DTA konsènan chanjman,
- Konsève benefis ou yo nan soumèt dokiman DTA mande yo,
- Maksimize benefis ou yo san ou pa bezwen rele oswa vizite DTA.

**Slide 3:** Ou pral aprann enstriksyon etap pa etap sou fason pou telechaje plizyè eleman diferan, tankou:

- Fason pou soumèt dokiman verifikasyon yo,
- Yon demann volontè pou sispann oswa anile benefis yo,
- Yon demann pou gen yon reprezantan otorize, (yon reprezantan otorize se yon moun ki ka ede w ranpli dokimantasyon, fè acha pou ou oswa mete ajou enfòmasyon sou dosye w la)
- Yon demann pou benefis ranplasman apre yon malè nan fwaye a ak anpil lòt bagay ankò!

**Slide 4:** Telechaje dokiman sou DTA Connect pou fè nou konnen yon chanjman oswa pou bay prèv dokiman ke DTA te mande nan yon Lis Kontwòl Verifikasyon. Pa egzanp, ou ka fè nou konnen konsènan:

**Slide 5: Revni fwaye a:**

- Egzanp: soumèt foto souch chèk ou yo oswa yon lèt ekri ke anplwayè w la siyen sou papye ak antèt epi ki detaye kantite lè ou travay, frekans lè yo ak salè brit ak siyati anplwayè a. Si revni ou fini, ou kapab montre tou yon lèt revokasyon anplwayè w la ki gen dènye dat travay la ak dat dènye peman an.

**Slide 6: Manm nan fwaye a:**

Egzanp: yon deklarasyon ekri, siyen, ki endike ke yon moun te vin abite nan oswa te kite kay ou. Sa enkli sjoute yon tibebe ki fèk fèt. Si w ap ajoute yon manm, nou pral bezwen nimewo sekirite sosyal li ak dat nesans li.

## **Slide 7: Frè medikal pou nenpòt moun ki gen 60 an oswa plis oswa ki andikape:**

- Egzanp: soumèt bòdwo oswa resi frè medikal yo si total depans sante/medikal mansyèl ou yo plis pase \$190. Si depans medikal ou yo se ant \$35 a \$190 pa mwa, ou ka ekri yon deklarasyon siyen ki endike konbyen ou peye pa mwa.

## **Slide 8: Frè Pansyon Alimantè pou Timoun**

- Egzanp: Soumèt enfòmasyon Depatman Revni a ki verifye obligasyon legal ou pou peye pansyon alimantè pou timoun epi ki verifye peman pansyon alimantè w yo.

## **Slide 9: Egzansyon Règ Travay SNAP**

Egzanp: Ou ka ekri yon deklarasyon siyen si ou satisfè youn nan egzansyon règ travay yo tankou ou sanzabri, ou gen yon pwoblèm sante ki anpeche ou travay, si w ap pran swen yon timoun ki poko gen 6 an oswa yon adilt andikape.

**Slide 10:** Enstriksyon etap pa etap ki anba yo pral montre w fason pou telechaje dokiman nan itilize DTAConnect.

## **Slide 11: Etap 1**

**Website:** Ale nan DTAConnect.com epi peze "Konekte".

**Mobile:** Louvri aplikasyon mobil DTA Connect la epi peze "Konekte".

## **Slide 12: Etap 2**

**Sitwèb:** Antre adrèl imel ak modpas ou te itilize lè w t ap kreye kont DTA Connect ou a, epi peze "KONEKTE".

## **Slide 13: Etap 3**

**Website:** Peze onglè "Dokiman" ki anlè nan paj akèy ou a.

**Mobile:** Peze "Telechaje".

## **Slide 14: Etap 4**

**Website:** Peze "Voye yon dokiman bay DTA".

**Mobile:** Peze "Konfime".

## Slide 15: Etap 5

**Website:** Li enstriksyon yo, epi peze "Kontinye nan Etap 2".

**Mobile:** Chwazi dokiman ou ta renmen telechaje a. Ou ka chwazi pamí plizyè opsyon, tankou dokiman verifikasyon, fòm resètifikasyon, demann volontè pou anile oswa sispann benefis, demann pou yon reprezantan otorize, ak demann pou benefis ranplasman apre yon malè nan fwaye a.

## Slide 16: Etap 6

**Website:** Ou pral resevwa yon mesaj pop-up ki mande w chwazi ki kalite dokiman w ap voye a. Ou ka chwazi pamí plizyè opsyon, tankou dokiman verifikasyon, fòm resètifikasyon, demann volontè pou anile oswa sispann benefis, demann pou yon reprezantan otorize, ak demann pou benefis ranplasman apre yon malè nan fwaye a. Chwazi yon dokiman, epi peze "Kontinye".

**Mobil:** Peze "Moun".

## Slide 17: Etap 7

**Website :** Ou pral wè yon mesaj pop-up ki pral mande w chwazi ki moun ki konsène nan dokiman an, ansuit, peze "Kontinye".

**Mobile:** Konfime ke manm kòrèk fwaye a te chwazi.

## Slide 18: Etap 8:

**Website:** Ou pral wè yon mesaj pop-up ki di ou "Chwazi yon fichye pou voye". "Tanpri fè si ke foto ou te pran an klè epi ou ka li l fasilman."

**Mobile:** Peze ikonn kamera a.

Ou gen 2 opsyon:

Opsyon 1: Peze "Pran yon Foto", oswa

Opsyon 2: Peze "Bibliyotèk pou Foto" si ou deja gen yon foto verifikasyon an sou telefòn ou.

## Slide 19: Etap 9

**Website:** Apre ou fin atache premye dokiman w lan, ou gen de opsyon:

Opsyon 1: "Ajoute yon lòt fichye" oswa

Opsyon 2: "Voye bay DTA".

**Mobile:** Ou pral wè yon apèsi imaj verifikasyon w lan.

Peze ikonn kamera a si w bezwen pran yon foto yon lòt verifikasyon oswa chwazi yon lòt foto ki deja sou telefòn ou an.

Peze "Soumèt".

## Slide 20: Etap 10

**Website:** Peze "Voye bay DTA" lè w pare pou soumèt tout dokiman w yo.

**Mobile:** Peze "Konfime" lè w pare pou telechaje tout verifikasyon w yo.

## Slide: Etap 11

**Website:** Ou pral resevwa yon mesaj pop ki di "Mèsi paske w te itilize DTA Connect pou telechaje dokiman w lan".

**Mobile:** Ou pral wè yon mesaj pop-up ki di "Telechajman "Fini":

**Slide 22:** E stati a pral chanje la a yon fwa dokiman w lan fin trete.

**Slide 23:** Tanpri pran pasyans pandan DTA ap trete dokiman yo nan lòd yo te resevwa yo a, epi gen kèk dokiman ki mande plizyè etap revizyon.

**Slide 24:** Ou pral resevwa yon avi si genyen yon chanjman nan benefis ou yo. Nou ka rele w si nou bezwen plis enfòmasyon. Kontinye tcheke pou mizajou.



**Kijan pou telechaje verifikasyon  
sou sitwèb DTA Connect la**

<https://youtu.be/P9RsEeazSrl>



**Kijan pou Telechaje  
Verifikasyon sou Aplikasyon  
Mobil DTA Connect la**

<https://youtu.be/6lZKbV7DAJg>